



RON DESANTIS
GOUVÈNÈ

SHEVAUN L. HARRIS
AJI SEKRETÈ

<PayeeName>

<AddressLine1> <AddressLine2>

<City> <State> <Zip Code>



<Letter Date>



AVI SOU KONTINYASYON MEDICAID

Ou te ka resevwa yon lèt ki de Medicaid ou te fini oubyen ke enskripsyon ou nan yon plan sante Medicaid te fini. **Lèt sa a se pou fè ou konnen asirans Medicaid ou te pwolonje epi ou toujou kalifye pou Medicaid.**

Eta Florid pran etap sa a pou asire ke moun ki sou Medicaid kenbe benefis yo pandan eta dijans COVID-19.

Asirans sante ou ap kontinye jiskaske eta ijans fini. Ou pral resevwa yon lèt anvan Medicaid ou fini.

Ou pa bezwen fè anyen pou kenbe Medicaid ou. Benefis ou pral rete menm jan an.

Kesyon yo poze souvan:

1. Èske kat lò mwen ap travay toujou?

Repons: Wi, kat lò ou ap toujou travay.

2. Èske kat ID aktyèl plan mwen an ap toujou travay?

Repons: Wi, kat ID plan ou ap toujou travay.

3. Kijan mwen pral konnen konbyen tan mwen pral gen Medicaid?

Repons: Yon minimòm, ou pral gen Medicaid atrave fen eta dijans lan. Ou pral resevwa yon lèt anvan Medicaid fini.

4. Ki kalite avi mwen pral jwenn lè Medicaid la fini?

Repons: Ou pral resevwa yon lèt pa lapòs.

5. Èske mwen jwenn pwoteksyon konplè?

Repons: Ou pral kenbe menm kalite Medicaid ou genyen kounye a.

6. Èske mwen ap kenbe menm Medicaid plan sante mwen an?

Repons: Wi, ou pral rete nan menm plan an.

7. Èske mwen toujou gen plan dantal mwen an?

Repons: Wi, tout moun ki gen benefis dantal ap kenbe menm plan dantal yo.